

Eksplikasyon sou Medikaman Jenerik



Kisa medikaman jenerik ye?

- Yon medikaman jenerik se menm medikaman avèk vèsyon ki gen mak la.

Ki diferans ki genyen ant medikaman jenerik ak medikaman ki gen mak?

- Medikaman jenerik yo koute mwen chè lontan.
- Medikaman jenerik yo gen menm engredyan aktif yo, yo fonksyone menm jan e yo ranpli menm kondisyon sou sekirite ak medikaman ki gen mak yo.

Èske medikaman jenerik yo san danje?

- Wi. Medikaman jenerik yo fèt pou yo satisfè menm estanda sou sekirite ak medikaman ki gen mak yo.
- Se pou Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration: FDA) apwouve medikaman jenerik yo pou yo sa vann Ozetazini.

Èske medikaman jenerik yo mache?

- Wi. Medikaman jenerik yo mache tout osi byen ke medikaman ki gen mak yo.

Èske medikaman jenerik yo koute mwens?

- Wi. Anjeneral, medikaman jenerik yo koute apeprè 80% mwens pase medikaman ki gen mak yo.

Kijan yon medikaman ki gen mak fè vin disponib kòm yon medikaman jenerik?

- Yon konpayi ki fabrike medikaman pase dèzane ap fè rechèch pou l sa kreye yon nouvo medikaman.
- Yon fwa FDA apwouve nouvo medikaman sa a, se sèl konpayi ki fabrike medikaman an ki ka vann li.
- Apre yon tan byen presi, konpayi ki fabrike medikaman an pa gen dwa esklizif ankò pou l vann medikaman an.
- Sa pèmèt lòt konpayi fabrike vèsyon jenerik pa yo de medikaman an.

Èske mwen ka rele Sant Kontwòl Anpwazònman an (Poison Control Center) si mwen gen kesyon sou medikaman jenerik?

- Wi. Ou ka rele nenpòt ki lè si w gen kesyon ki gen rapò ak nenpòt tip medikaman ou gen pou pran.

**Rele Sant Konwtòl Anpwazònman Vil Nouyòk
(New York City Poison Control Center) la nan 1-800-222-1222
nenpòt ki lè pou poze kesyon sou medikaman w yo.**

Sant Kontwòl Anpwazònman Vil Nouyòk



Sant Kontwòl Anpwazònman nan Vil Nouyòk lan la pou l ede w avèk sekirite medikaman yo.

Rele nou nenpòt ki lè nan 1-800-222-1222

oswa nan 212-POISONS (212-764-7667)

Ale sou sit entènèt nou an nan nyc.gov/health

- Sant Kontwòl Anpwazònman w lan disponib 24è sou 24, 7 jou pa semenn.
- Famasyen ak enfimyè ki sètifye nan enfòmasyon sou pwazon la pou ba w konsèy.
- Tout apèl yo gratis e konfidansyèl.
- Nou ofri sèvis tradiksyon.
- Mande pou yo ba w bwochi gratis, otokolan pou mete sou telefòn ak leman.



Lè l sèvi avèk Smartphone ou telechaje yon QR Reader aplikasyon gratis yo resevwa plis enfòmasyon.



NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Bellevue

